
# Kamba Ine Hudyire

## Ngano yemu Africa



# Illustrated by

## Robyn van Zijl

ROBYN VANZIJL

# Translated by

## Elsa Tariro Wadi

HOPE Hear

**Million word gap project**

Children whose parents read to them have heard 1 million more words before they start school. Help your children prepare for school.


The Hope-Hear Million word gap project by
Hope-Hear NPC, 2024 / 064699 / 08
is licensed under a Creative Commons Attribution - Non-Commercial 3.0 Unported License

www.hope-hear.org
#HOPE-learn

Mune imwe nzvimbo yakanikisa mu Africa, mhuka dzaiziya nenzara. Dzakanga dzaonda chose zvekusara dzangove mabhonzo chete uye zviso zvadzo zvaive zvakasuruvara.

Kwakanga kusina chikafu chekuti dzidye nechikonzero chekuti mvura yaisanaya. Zvirimwa zvakange zvafa uye nzizi dzainge dzapwa.

Shiri ndidzo dzoga mhuka dzaive nekubwinya mumaziso uye mapapiro adzo aive achiri akanaka.



Izvi zvakacherechedzwa neimwe Kamba yaive yakangwara pamwe nekusatendeka. Kamba iyi yakabva yafunga zano rekuedza kutsvaga kuti chii chaiita kuti shiri dzibudirire zvakadai.

Kunyangwe zvakadaro shiri dzakange dzisingavimbe neKamba iyi. Yaigarodzinetsa zuva nezuva ichiti "Ndapota endaiwo neni kwamunowana chikafu chenyu."



Shiri dziye dzakazobvuma ndokuti “Kamba unofanira kuzvigadzirira mapapiro ekuti ubhururuke nesu kuenda kudenga.”



Naizvozvo, shiri imwe neimwe yakapa Kamba munhenga mumwe chete kuti ikwanise kuzvigadzirira mapapiro.

Muchadenga maive netafura yakanakisa yaive yakazara nechikafu chinonaka zvikuru yaive yakamirira mhuka idzi.

Shiri dzakabva dzakurudzira Kamba kuti ashandure zita rake mabiko asati atanga.

Kamba akati dhuu ndokuti “Zita rangu ndinonzi Imi-Mose.”





Varidzi vemutambo vakagamuchira shiri idzi nemoyo wese. Vave kuenda vakasiya vati “tinovimba imi mose muchanakirwa nechikafu ichi.”
Shiri dziye dzave kuda kudya, Kamba akabva ati “Zita rangu ndinonzi Imi-Mose. Chikafu chose ichi ndechangu uyezve andisi kupa kana ani zvake”.


Kamba airuta zvikuru. Haana kana fufu raakasiya uye haana kana waakapa.



Shiri dzakatsamwa nazvo ndokutora minhenga yadzo yose yadzaive dzapa Kamba.
Zvino Kamba achadzokera sei kunyika?
Naizvozvo Kamba akakumbira shiri kuti dziyendendese tsamba yaakanga anyora kumudzimai wake. Tsamba yacho yaiti "Ndinokumbira utsvage zvinhu zvakapfava zvakawanda uise pachivanze pedu."
Shiri dziye dzakabva dzakashandura zvaive mutsamba ndokuudza mudzimai waKamba kuti atsvage zvinhu zvakaomarara zvinobaya zvakawanda.

Kamba akasvetuka...

ndokudonha...




akaramba achidonha...

...ndokudonhazve!

Akasvikoti...




Kamba uye akasvikowira pakaomarara nezvinobaya zviye gwati rake ndokuputsika kuita zvidimbu zvidimbu zvidiki.
**Maiweee!**



Mudzimai wake aive nyanzvi namazvikokota yekurapa munzvimbo yose. Akagara apasi ndokugadzirisa chidimbu choga choga chegwati riye nerudo.

Pakange pasina nzira yekuti gwati riye rive nerunako, kupenya nekutsetseka kwaraimbove nako.



**Izvi ndizvo zvakakonzera kuti Kamba ave negwati raanaro kusvika nanhasi.**

# Hurukuru

Unonzwira Kamba tsitsi here?
Kamba aive nehudyire here? Hudyire zvinorevei?
Unofunga here kuti zvaifanirwa kuti gwati raKamba riputsike?
Shiri dzaive nemoyo yakanaka here?
Shiri dzaive nemoyo yakaipa here?
Kamba aikwanisa here kunge akashandura maitiro ake?
Shiri dzaikwanisa here kunge dzakashandura maitiro adzo?

